

PLAN PREPARASYON FANMI



PREPARE FANMI OU POU YO RESPEKTE LWA IMIGWASYON

PREPARE FANMI OU POU YO RESPEKTE LWA IMIGWASYON

Si ou ap enkyete sa ki pral rive pitit ou si yo arete oswa depote w, ou sipoze fe yon plan pou prepare fanmi ou si sa rive pou yo konnen sa pou yo fe. Nou swete ke ou pa jam lan sitiyaasyon pou bezwon plan sa men se pou fe li pou pa pedi tet ou si sa rive. Sonje tou ke timoun ki fet nan peyi isit, se ti ameriken ke yo ye.

Nou kompile enfomasyon sa yo pou ou pou sa konnen ki kote pou jwenn bon ed legal konsenan imigwasyon ak lot resous itil.

➔ Ki Sa Ou Ka Fe Jodia

Pran desizyon jodia pou komense fe yon plan preparasyon pou Fanmi ou. Ou poko bezwon yon Avoka pou fe preparasyon enpotan sa a:

- ♦ Cheche you Granmoun ou fe konfians ki pou pren swen Pitit ou si ou pap la. Pale a moun sa tou swit pou fe li konnen kisa ou vle.
- ♦ Wap ranpli yon fom ki rele Stanby Guardian Designation. Fom sila bay Granmoun lan dwa pou pren desizyon ofisyel pou Pitit ou.
- ♦ Kite enfomasyon konman pou yo okipe Pitit ou nan yon katab avek nimewo pou yo rele si gen yon pwoblem. Mete enfomasyon sa yo nan katab dokiman enpotan

Pake sa a gen model ladan li pou mete dokiman sa yo ansanm.

Ki Sa Ou Ka Fe En Plis

Lwa imigrasyon komplike , ou ka oblige pale avek yon avoka ki gen lisans ki pou ede ou. Yon avoka ka ede w fe anpil bagay:

- ♦ Li ka evalie sitiyaasyon an nan immigrasyon, Li ka cheche konnen si ou elijib pou yo bay ou residence, yon visa oswa dwa pou travay nan peyi a.
- ♦ Pran yon Avoka de Pouvw a ki pou bay yon Moun ou fe konfians pouvw a sou afe lagan ou.
- ♦ Ki pou repwezante ou nan afe depotasyon; e
- ♦ Ede ou chache lot sipo legal pou fanmi an tankou kijan de sevis ou ka mande oswa aplike pou sa yo rele Special Immigrant Juvenile Status pou Pitit ou.

Pake sa a gen ladan l enfomasyon sou fason pou trouve yon Avoka ki pou ede w, e koman pou evite fwod sevis imigwasyon (notario fraud).

Dosye Dokiman Enpotan

Kenbe yon dosye tout dokiman enpotan oswa kopi yo nan yon kote ki an sekirite. Di Timoun yo, fanmi an oswa gadyen an ki kote dosye a ye pou le yo bezwon l.

Fom ki lan pake a

- Enfomasyon Enpotan sou Timoun
- Nimewo ijans yo, epi enfomasyon kontak enpotan
- Bagay itil pou fe konnen de (Ekri non Timoun)
- Ki Moun ou choisi pou gadyen

Lot Dokiman Enpotan

- Enfomasyon medikal Timoun nan, ki asirans sante li genyen , ki medikamen lap pran, avek enfomasyon pou yo jwen dokte li.
- Paspò
- Ak de nesans
- Ak de Maryaj (si ou marye)
- Nenpot lod tribunal ou ka gen kont nenpot moun (si ou genyen)
- A-Nimewo : Rezidans oswa (ki sou dokiman immigrasyon ou, tankou pemi pou travay, green card, visa avek USCIS oswa ICE dokiman)
- Kopi lisans kondwi avek lot idantifikasyon.
- Kat sekirite sosyal ou oswa nimewo ITIN
- Rejis nesans (pou timoun ki fet o Zetazini ki rejistre nan peyi paran yo)(if applicable)
- Nenpot lot dokiman ou ka bezwon konnen ki kote yo ye

Plan Swen Timoun

➔ Chwazi Moun Ki Pou Pran Swen Pitit Ou Si Ou Pa Kapab

Pale ak moun ou ta renmen kite Pitit ou nan men li pou fe l konnen ke se li ki sou lis ou pou ijans. Ni ou ni Pitit ou fet pou konnen nimewo moun sa a pa ke

Asire w ke pitit ou konnen ki moun ki ka al chache l lekol, ki moun ki pa dwe al chache l, e ki moun li ap rete ki pou pran swen l.

Lekol pitit ou paka kite li ale ak yon moun ke ou pa bay pemisyon. Asire w ke ou di lekol la tout bagay konsenan, swen apre lekol, gadri, kan dete, transpotasyon, e lot pwogram, enfomasyon ak nimewo moun sou lis ijans lan e tout fom ki gen non moun ki ka vin chache pitit ou lekol. Si ou gen yon lod tribinal kont yon moun ou dwe bay lekol la yon kopi.

Asire w ke moun kap vin chache pitit ou pou pren swen l konnen ki kote l ye. Bali yon kopi ore pitit la chak semen sitou si l fe yon aktivite diferan chak jou e si ore li change souvan

➔ Pale Ak Pitit Ou De Plan w

San ke ou pa fe l pe, asire pitit ou ke w fe plan ak yon moun ki pou pren swen l si yon bagay ta rive w epi ou pa ta kapab pren swen l pou yon ti tan. Fe l konnen ki moun li ye ki kap ede w jiska se ke w kapab. Di yo ki kote w kenbe yon copy plan sa a.

➔ Fe Yon Dosye Dokiman Enpotan

Sevi ak yon dosye, katab oswa yon gwo anvlop pou organize dokiman enpotan sa yo. Enfomasyon sa yo ede si w ka join yo le w bezwon yo. Kenbe dosye sa a ou kote ke w ka pran yo fasil e an sekirite. Di fanmi w ak gadyen an ki kote yo ye.

➔ Ekri Ki Swen Medikal Pitit Bezwon

Asire w ke ou ekri toute pwoblem medikal oswa aleji pitit ou, ki medikaman lap pran, kiyes ki dokte l, enfomasyon asirans maladi. Kenbe yon kopi nan dosye enfomasyon enpotan an.

Bay yon kopi nan lekol pitit ou e yon kopi pou Granmoun ou chwazi ki pou pran swen pitit ou. Fe pitit ou konnen ki kote enfomasyon sa yo ye.

Plan Swen Timoun

➔ Siyen Fom Gadyen a Latant

Yon gadyen a latant se yon granmoun ou choisi qui pou okipe pitit ou si w vin pa kapab okipe l. Aksyon sa a bay moun sila dwa pou li fe desizyon pou timoun ou. Pa examp si yon vwazin dako pou pren swen pitit ou men ou pa siyen pou li yon Gadyen a Latant, li pap kapab pran desizyon nan afe edikasyon oswa sante pitit ou.

Fom Gadyen a Latant sila dire jiska ke ou ka pran swen pitit ou anko oswa pou 1 an tou depan de tan ki rive avan. Fom Gadyen a Latant sa dire 1 an de dat yo mete li an aplikasyon pa dat ou siyen an. Ou gen dwa pou koupe sa le ou vle. Ou ka rampli fom sila nempote kote. Li pa bezyon notarie men fok li syen devan 2 temwen. Fok ou bay lekol e dokte pitit ou yon kopi. Kenbe yon kopi pou tet pa w epi bay Gadyen a Latant lan orijinal la.

➔ Asire w Tout Timoun Gen Paspò

Si pitit ou te fet o Zetazini, ale sou sit www.travel.state.gov pou enfomasyon koman pou fe yon paspò pou pitit ou.

Si pitit ou pat fet o Zetazini, rele ambasad oswa Konsila peyi a pou mande enfomasyon koman pou ou fe yon paspò pou pitit ou.

Ou ka mande tou pou yo enregistre nesans pitit ou sou dosye goudenman peyi w (pa examp, avek konsila peyi w) si timoun te fet a Zetazini. Konsa pitit sila ka benefisye nan peyi w mem fason avek sitoyen peyi w.

➔ Di Fanmi w E Moun Ki Sou Lis Ijans Ou Kijan Pou Yo Jwen Ou Si ICE Arete W

Pa genyen prizon imigwasyon ICE nan Connecticut. Moun ke ICE kenbe bo isite nan Connecticut, se nan Massachusetts yo mennen yo al rete. Kote sa yo se nan North Dartmouth, Boston, Plymouth and Greenfield, Massachusetts. Mete nan tet ou ke yo gen dwa voye w nempote nan kote sa yo e mem nan lot state.

Moun nan fanmi ou ka ale sou sit sa a [ICE detainee locator](https://locator.ice.gov/odls/homePage.do) pou yo jwen manb fanmi yo: <https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>.

Asire w ke fanmi w avek kontak ijans ou gen kopi nimewo residence A- (Nimewo sa a sou tou dokiman ou genyen de imigwasyon), si ou genyen dokiman.

Enfomasyon Enpotan Pou Timoun

Non Pitit ou	
Dat de nesans	
Nimewo selile Pitit ou (si l genyen)	
Lekol / Gadri / Gadyen	
Lekol / Gadri /Gadyen Adres	
Lekol /Gadri / Gadyen Nimewo Telefon	
Non Pwofese a	
Nimewo Klas la	
Moun kap bay swen apre lekol	
Nimewo Moun kap bay swen apre lekol	
Kilot Kan /Espo/Pwogram	
Nimewo telefon Kan/Espo/ Pwogram	
Aleji	
Maladi	
Medikaman	
Nimewo telefon Docto a	
Adres Docte a	
Konpayi Asirans Sante	
Nimewo polisi	

Emergency Numbers and Important Contact Information

NIMEWO IJANS	
Ijans ki grav	911
Polis	
Pompie	
Kontwol pwazon	
NIMEWO FANMI	
Manman/Paran/Nimewo`telefon kay Gadyen pemanan a	
Nimewo Selile	
Adres Travay	
Telefon Travay	
Papa/Paran/Gadyen Pemanan	
Nimewo telefon kay la	
Nimewo selile	

Enfomasyon Timoun Enpotan

Kontak Fanmi Kontinye	
Adres Travay	
Telefon Travay	
Lot Kontak Ijans e kisa yo ye pou ou	
Nimewo Selile	
Lot Kontak Ijans e kisa yo ye pou ou	
Nimewo Selile	
Lot Kontak Ijans e kisa yo ye pou ou	
Nimewo Selile	

Kontak Dives	
Dantis	
Nimewo Telefon	
Asirans Kompayi Dentis	
Nimewo Polisi	
Mak ak Model Machin	
Nimewo Plak Machin	
Kompayi Asirans Machin nan ak Nimewo Telefon	
Nimewo Polisi Asirans	
Konsila	
Adres ak Nimewo Telefon	
Moun Legliz pou nou rele	
Adres	
Nimewo Telefon	
Avoka/ Moun ki ede w ak pwoblem legal	
Adres	
Nimewo Telefon	

Bagay Ki Bon Pou Konnen

(name of child)

Manje li pi renmen	
Manje li pa remen, Manje li aleji	
Le domi e sa li fe avan l domi	
Liv, jwet ak lot aktivite li renmen	
Lwa pou ekran	
Non bon zanmi yo	
kouvrefe	
Restriksyon Kondwi (Gran Timoun)	
Lot lwa ki enpotan	

Hore Semen

Jou Semen	Aktivite	Ki Kote / Nimewo Telefon
Lendi		
Madi		
Mekredi		
Jedi		
Vandredi		
Samdi		
Dimanch		

Fom Gadyen a Latant

Ou pa bezwon ale nan tribinal pou nome yon Gadyen a Latant pou pitit ou. Ou ka rampli fom sa a depi lot paran pitit la ansam ak pitit la dako avek moun sa a ke ou chwazi pou Gadyen a Latant, oswa lot paran an te pedi dwa li oswa lot paran an mouri..

Gin lot bagay konsenan gadyen yo offri w nan Connecticut . Min an ka ke ou vle konnen, ou ka peye yon Avoka pou ede komprenn ki lot opsyon ke ou genyen.

➔ Kisa yon Gadyen a Latant fe?

Yon Gadyen a Latant pran swen pitit ou, chache swen medikal pou pitit la, ba pitit la maje e kote pou l domi, habiwe l e asire l ke pitit ou ale lekol. Yon Gadyen a Latant gen dwa legal pou fe desisyon pou pitit la ni kay docte ni lekol. Dwa Gadyen sa dire en an a pati de le li komanse pra swen timoun pa a dat ou syen an. Si paran an mouri, kontra sa fini nan 90 jou.

➔ Benefis pou Pitit ou

Yon Gadyen a Latant ka aplike nan Depatman Sosyal Sevis nan Connecticut (DSS) pou yo ede pitit ou a. Men nimewo pou rele biro sa a DSS nan 1-855-6- CONNECT. Men yon lis ed ke yo ka ba w.

Asirans Medikal

Gadyen ap asire l ke pitit ou gen asirans medikal. Si timoun nan se sitwayen ameriken ki fet nan Etazini e li kouvri avek Husky Asirans State Connecticut la, Asirans medikal sa a ap continue pandan li kay Gadyen an.

Asistans lajan kach (TFA)

Pitit ou kapab resevwa lajan kach memsi Gadyen pa elijib. Gadyen yan ka aplike pou pitit ou a.

Koupon pou Achte Manje (SNAP)

Si Gadyen an kalifie pou resevwa koupon pou l achte manje, Gadyen ka aplike pou timoun ou an pou yo bali plis koupon pou kay la..

Sosyal sekirite

Si pitit ou resevwa peman andicap sekirite sosyal, sa ap kontinye. Gadyen an ap fil papye avek biro sosyal pou yo voye peman an pou pitit ou. Sekirite sosyal se yon benefis federal. Kontakte biro a sou site sa a www.ssa.gov .

Fom Explikasyon pou Gadyen an

Pou deziyen yon Gadyen a latant, fo ou ranpli tout fom ki nan kat paj sa yo. Ou bezwon temwen men ou pa bezwon notarie fom yo. OU PA BEZWON ALE NAN TRIBINAL. Li pa koute lajan pou ranpli form sa yo.

➔ Kisa Sa Vle Di

- ♦ Gadyen a Latant: Moun ki dako pou pren wsen pitit ou oka ke ou pa kapab
- ♦ Kimoun ki en chaj: Ou men
- ♦ Paran ki dako: Lot paran timoun nan
- ♦ Temwen: Yon moun ki pa ou, lot paran an oswa gadyen a latant lan.

➔ Enstriksyon Etap pa Etap

- ✓ Ranpli fom, Deziyen yon Gadyen a Latant
 - ♦ Siyen fom nan devan de temwen. Note: Gadyen a Latant lan paka sevi temwen pou ranpli fom nan.
 - ♦ Chak temwen dwe siyen anba kiyes ki Temwen Siyati Paran.
- ✓ Mande lot paran an siyen anba *Paran Konsanti devan de temwen yo*. Si pitit ou yo gen plizye lot paran, ou dwe ranpli yon fom pou chak lot paran sa yo.
 - ♦ Chak temwen dwe siyen anba kiyes ki Temwen Siyati Paran
- ✓ Mande Gadyen a Latant pou l mete fom sa a yon kote an sekirite. Kenbe yon kopi nan dokiman enpotan w, bay lekol la yon kopi e bay dokte pitit la yon kopi.
- ✓ Si yo arete w oswa depote w, Gadyen a Latant lan ap ranpli yon fom ki rele *Statement that Designation of Standby Guardian is in Effect*. Se fom sa a yap bezwon pou montre ke se yo ki gadyen pitit ou a. **Fom sa a pa bezwon fet nan tribinal.**

Fom Deziyen yon Gadyen a Latant lan valab pou yon ane oswa jiska le ou reprann pitit ou – Nempot sa ki rive avan an.

DESIGNATION OF STANDBY GUARDIAN

STATE OF CONNECTICUT

I, _____, of _____, Connecticut, appoint
(Paran) (Adres)

_____, of _____ Kom Gadyen a Latant Timoun mine:
(Non Gadyen a Latant) (Adres)

Non Timoun _____ (dat nesans): _____

Non Timoun _____ (dat nesans): _____

Non Timoun _____ (dat nesans): _____

Gadyen legal sa a pral pran efe si yonn nan bagay sa yo rive mwen (check all that apply):

- Nenpot otorite Imigwasyon oswa Koutim oswa nenpot otorite leta oswa federal ki fe respekte la lwa Etazuni arete m oswa depote m.
- Mwen mouri, Gadyen a Latant lan genyen yon kopi setifika lanmo mwen
- Lot bagay (tankou kisa): _____

Lot paran pitit ou ke non yo sou fey sa a se:

(Non lot paran)

Cheke yon

Lot paran an konsenti kontra sa a.

- Lot paran an, _____, mouri oswa li pedi dwa legal li pou li paran timoun mine sa a. Mwen kole yon kopi setifika lanmo a oswa papye tribinal ki retire dwa paran l.

Tet mwen te kle e mwen te panse ak anpil atansyon le m te fe chwa e pran desizyon sa a.

Siyen pa:

Paran: _____

Dat: _____

WITNESSES TO SIGNATURE OF PARENT

Mwen setifie ke moun ki siyen kom direkte dokiman sa a siyen l an pwezans mwen. Mwen setifie tou ke moun sa a ki siyen an gen plis pase dizwitan e sepa mwen ke yo deziyen kom Gadyen a Latant.

(Siyati Temwen #1)

(Dat li Siyen)

(Adres Temwe #1)

(Siyati Temwen #2)

(Dat li Siyen)

(Adres Temwen #2)

PARAN KI DAKO

Mwen, _____, lot parent timoun mine sa yo, bay konsantman mwen pou moun ki chwasi pou sevi kom gadyen a latant pou timoun mwen yo ki poko gen dizwitan.

Siyati lot Paran an

Dat _____

Adres lot Paran an

TEMWEN SIYATI PARAN KI KONSANTI

Mwen setifie ke moun sa a ki siyen dokiman kom lot paran ki dako a siyen an pwezans mwen. Mwen setifie ke moun ki siyen an gen plis ke dizwitan e sepa mwen ke yo deziyen kom gadyen a latant

—

(Adres Temwen #1)

(Siyati Temwen #2)

(Dat li Siyen)

(Adres Temwen #2)

STATEMENT THAT DESIGNATION OF A STANDBY GUARDIAN IS IN EFFECT

Mwen, _____, ki ap viv nan _____ state,
(non) (address)

Anba sanksyon pou fo deklarasyon di ke:

_____, Ki te abite _____, Connecticut
(paran) (adres)

Deziyen mwen kom Gadyen a Latant Timoun mine sa a _____
(name of child)

Sou yon dokiman an dat _____.

Yon nan pwoblem nou dekri sou dokiman rive e nou cheke kisa:

- Paron Timoun sa a Imigwasyon Etazini oswa otorite koutim oswa okenn lot biro federal kap anfose la lwa arete l.
- Paron Timoun sa a mouri. Mwen mete yon kopi ak de dese.
- Yon lot: _____

Mwen konprann ke gen penalite pou m paye si mwen bay manti.

(Siyati Gadyen an)

Siyen en prezans: _____

(Siyati temwen #2)

JWENN E ANBOCHE YON AVOKA KI GEN LISANS

Ou sipoze pale ak yon Avoka pou ede w ak pwoblem ou. Ou genyen chans pou kalifye pou yo bay yon Avoka kap ede gratis nan yon seri oganizasyon nan Connecticut, oswa yon Avoka prive ou paye pou ede w. Asire w ke Avoka prive a gen LISANS e li KONNEN LWA IMIGWASYON BYEN.

Leta Connecticut mande tout Avoka pou gen lisans. Gen fason pou verifye si yon Avoka gen lisans li si ou chache non li sou site sa a [Connecticut Judicial website](http://www.jud.ct.gov/attorneyfirminquiry/AttorneyFirmInquiry.aspx):

<http://www.jud.ct.gov/attorneyfirminquiry/AttorneyFirmInquiry.aspx>

➔ Anboche yon Avoka: Sa ou dwe mande l

- ♦ Eske ou genyen esperyans avek pwoblem kouwe pam nan?
- ♦ Kombyen lajan map genyen pou m peye ou?
- ♦ Kijan e kisa ou pral fe pou fixe pwoblem mwenn?

➔ Atansyon! Proteje Tet ou Kont Fwod

Selman yon Avoka ki gen lisans oswa [Executive Office for Immigration Review and Board of Immigration Appeals accredited representative](https://www.justice.gov/eoir/page/file/942306/download#CONNECTICUT) otorize e kalifye pou yo ede w nan pwoblem imigwasyon. EOIR / BIA reprezantan yo fe konfyans nan Connecticut ou ka jwenn yo sou site:

<https://www.justice.gov/eoir/page/file/942306/download#CONNECTICUT>

PA Anboche okenn moun ki:

- ♦ Pa vle bay yon kontra a lekri
- ♦ Fe ou peye lajan pou l bay fom imigwasyon
- ♦ Promet ou pou regle sa byen vit paske li gen bon zanmi nan biro imigwasyon (USCIS)
- ♦ Fe ou panse ke li se yon Avoka ki gen lisans
- ♦ Di ou pou bay manti sou fom oswa mande w pou siyen san li pa rampli fom nan
- ♦ Chaje w lajan pou li mete non sou "lis datant" oswa "sou liy." Pagen koze konsa ditou.

Si ou sispek fwod, rapote sa bay konsula w oswa lapolis. Apre sa kontakte the Federal Trade Commission pou pote plent an Angle oswa an Espayol at 877-FTC-HELP (877-382-4357).

➔ Sevis Legal Pou Fanmi Ki Fe Ti Kob

Leta Connecticut gen pwogram legal li ofri gratis pou fanmi ki pa fe anpil kob ki genyen pwoblem sivil. Depandan de ki kote ou habite, genyen yon sevis legal ke ou ka rele.

- ♦ Hartford County: Greater Hartford Legal Aid: 860-541-5000
- ♦ New Haven County: New Haven Legal Assistance: 203-946-4811
- ♦ Lot kote nan Connecticut: Connecticut Sevis Legal Imigwasyon www.ctlegal.org/ contact

➔ Avoka Prive

Si fanmi w fe anpil lajan e ou pa kalifye, ou ka anboche yon Avoka prive ki pou ede w. Anpil nan Avoka travay kom Avoka imigwasyon se manb Asosyasyon the American Immigration Lawyers Association. Ou met ale sou site yo a pou chache yon Avoka Imigwasyon nan Connecticut: www.aila.org

Know Your Rights

Tout moun—ni moun ki gen dokiman ni sak pa genyen —gen dwa yo nan peyi a. Pale ak tout moun ki lakay ou, ansam ak pitit ou, konsenan sak ka rive si Ofisye ICE vini lakay ou, cheke avek owas rete nan lari oswa arete w.

➔ ICE sonnen pot ou

- Ou pa oblije ouve pot la pou ICE oswa okenn Ofisye lapolis san yo pa genyen yon manda ke yon jij siyen. (yon “manda jidisye”)
- Manda Jidisye dwe genyen non w ekri sou li korekteman avek adres kote w abite sou manda a.
- Mande pou yo glise l anba pot la oswa montre l nan fenet la pou verifye non ou, adres ou e si li siyen pa yon jij.

➔ Si ICE Aproche oswa Arete w

- Ou genyen dwa pou gade silans ou:
Ou pa oblije pale avek yo oswa reponn kesyon
- Rele Avoka w oswa Konsula w nan telefon
- Pa siyen okenn papye avan ke ou pale avek yon Avoka

Resous Itil

➔ Si DCF pran pitit ou rele:

Department of Children & Families Careline: 1-800-842-2288

➔ Pou mande ed/benefis:

Department of Social Services: 1-855-626-6632
1-855-6-CONNECT

➔ Enfomasyon ak Fom sou Gadyen Legal

Connecticut Probate Courts: www.ctprobate.gov

➔ Enfomasyon sou Sevis Sosyal:

United Way CT Local Services: 2-1-1
1-800-203-1234 (outside CT)

➔ Asistans legal:

Connecticut Legal Services Immigration Hotline: www.ctlegal.org/contact

Greater Hartford Legal Aid: 860-541-5000

203-946-4811

New Haven Legal Assistance:

www.aila.org

American Immigration Lawyers Association:

Yale Law School Immigration Clinic: 203-432-4800

Biro Gouvène Ned Lamont vle di yon gro mesi a tout Ajens e Oganizasyon sa yo ki mete anpil konesans deyo pou yo travay ansamm pou feye Plan Preparasyon Fanmi sa a. Men non Ajens ak Oganizasyon sa yo:

Depatman Timoun ak Fanmi
Depatman Lojman
Depatman Sevis Ijans e Proteksyon Piblik
Depatman Sante Piblik
Depatman Sevis Sosyal
Depatman Edikasyon
Biwo TiBebe
Connecticut Tribinal de Siksesyon

City of New Haven, Mayor's Office
Greater Hartford Legal Aid
New Haven Legal Assistance
Connecticut Legal Services
Hartford Legal Group
Junta for Progressive Action
Connecticut Students for a Dream

Leta Connecticut kopye pou l fe feye Plan Preparasyon Fanmi an sou yon model ki kreye pa Immigrant Legal Resource Center, www.ilrc.org. Nou remesye yo anpil paske yo te ba nou dwa pou nou kopye travay yo pou nou ede moun pa nou.

